



Pwogrese ak PACE

“Mwen renmen vini la a. Gen anpil bagay k ap pase e yo kenbe lespri m enterese”. se sa Shela, yon patisipan nan CHA PACE di. “Mwen renmen moun mwen te rankontre yo. Mwen di sa ak tout kè m.”

CHA PACE se yon bèl pwogram pou granmoun ki ofri Sheila e lòt moun tankou li yo, sipò yo bezwen pou rete endepandan. Pwogram nan gratis pou moun ki [kalifye](#) yo epi li ofri yo yon pakèt sèvis tankou swen sante, medikaman, transpò, aktivite chak jou ak sèvis èd lakay yo.

PACE pa t janm popilè konsa. Pou rive 1ye septanm nan, CHA PACE gen plis pase 600 patisipan, ki fè yon ogmantasyon de 25% pandan de dènye ane yo. Si w se yon granmoun ki bezwen swen sante oswa si w gen yon paran ki bezwen sante epi li pa p antre gwo lajan, CHA PACE kapab ede l.

[Aprann plis](#)



Vaksen fè COVID-19 ak Grip Kenpe Lwen

Jou ferye yo ka danjere si ou pa fè atansyon. Nou atann nou a yon sezon grip trè aktif epi Lewòp ap fè fas a yon ogmantasyon ka COVID-19 yo. Piga tann pou pran vaksen kont grip la epi nouvo dòz rapèl COVID la. Tou lè dip vaksen sa yo “bivalan”, sa vle di yo pwoteje w kont vèsyon ki pi resan de viris sa yo.

Ale nan yonn nan klinik vaksinasyon kont [COVID](#) ak [Grip](#) nou yo pou w ka pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo.

[Vaksen COVID](#)

[Vaksen Flu](#)



Plis nan MyChart

Kounye a ou ka wè plis enfòmasyon sou sante w nan [MyChart](#). Pami enfòmasyon sa yo w ap jwenn nòt ekip swen ou an ekri nan dosye medikal ou. Pa egzanp, ou ka konsilte (ak kèk eksepsyon), nòt ki konsène sante w yon enfimyè ki te pale ak ou nan telefòn redije, nòt ekip k ap pran swen ou an ekri sou rezilta tès laboratwa ak imaj ou yo, epi nòt sou pwogrè ou.

Si w gen kesyon sou enfòmasyon ki nan dosye medikal ou a, enkli nòt ekik swayan ou an, ou mèt po se yo menm ki pi komen). To fanm nwa ki mouri a kansè nan tete yo pi wo pase to fanm blanch yo. Gason ka fè kansè nan tete tou, men li pa fasil.

Si w panse gen yon erè nan dosye medikal ou a, ou ka rapli [fòmilye sa a](#) epi voye li bay CHA Privacy Office at 103 Garland Street, Everett, MA 02149.



Jwenn Swen Sante an Gwoup

Lè w patisipe nan pwogram an gwoup CHA, ou jwenn swen sante ak edikasyon nan lide pou sipòte lòt moun ki pataje enkyetid yo nan kesyon sante. Rechèch montre ke vizit sa yo kapab ede w konprann sante w epi pran mezi pou ede w santi w pi byen. Kounye a CHA gen de nouvo gwoup pou ede w ret an sante:

- **Akiponkti:** Serie 6 a 7 semèn, gwoup akiponkti tip kominotè pou moun 18 lane oswa plis, limite pou 4 a 8 moun.
- **Sante pou Tout Moun:** Gwoup fas a fas pou moun ki pale angle ak panyòl, ki konsantre sou konpòtman ki gen rapò a jan ou viv, alimantasyon enspire, konsyans mouvman an ak imaj kòporèl.

[Gade tout gwoup CHA](#)



Ou wè an Wòz?

Wòz, koulè nasyonal pou kansè nan tete, li toupatou pou mwa oktòb la, Mwa Sansibilizasyon sou Kansè nan Tete. Nou espere sa raple w pou ou menm ou kontwòle tete w chak mwa epi [pran randevou pou pwochen mamogram ou an.](#)

Selon CDC, “kansè nan tete se dezyèm kansè fanm plis genyen nan peyi etazini (gen kèk tip kansè sou po se yo menm ki pi komen). To fanm nwa ki mouri a kansè nan tete yo pi wo pase to fanm blanch yo. Gason ka fè kansè nan tete tou, men li pa fasil.

Si w bezwen swen pou maladi nan tete, si w jwenn li nan men espesyalis ki gen yon touch pèsònèl, sa ka fè gwo diferans. Cambridge Breast Center se te premye sant swen tete ki te otorize nan tout Massachusetts an rezon de apwòch swen ki bay pasyan an privilèj. [Aprann plis](#) sou anviwònman agreyab e fòmilye nou an e sou founisè san parèy nou yo.



Manje epi Aprann – Demi Èdtan pou Lasante

Mèkredi 2 novanm a midi, patisipe nan selebrasyon nou Mwa Sansibilizasyon sou Kansè nan Tete nou an ak **Dr. Amy Moldrem**, *chèf divizyon chiriji nan tte nan CHA*. Dekouvri kisa w dwe chèche lè w ap fè enspeksyon tete w ak nan swen tete w.

[Klike la a pou rantre nan sou 2 novanm](#)